

PWOTEKSYON POU TRAVAYÈ KI GEN RESPONSABILITE BAY YON MOUN SWEN

Koumanse nan dat 4 me 2016, yo pa kapab trete w yon lòt jan nan travay ou paske w gen timoun, oswa paske w ap pran swen yon fanmi ki malad oswa ki gen yon andikap. Selon nouvo dispozisyon sa a, yo pa ka diskrimine kont ou si:

- Ou se paran yon timoun ki gen mwens ke 18 tan, sa gen ladan tou timoun ou adopte oswa timoun ke w gen gad li/yo, epi w ap bay timoun sa a/yo swen dirèk oswa swen kontinyèl,
OSWA
- Ou ap bay yon paran, yon frè oswa sè, mari w oswa madanm ou, yon timoun (nenpòt ki laj), yon granparan, oswa pitit pitit ou ki gen yon andikap oswa yon moun ki gen yon andikap ki abite avèk ou, epi moun sa a depann de ou pou swen medikal oswa pou reponn a bezwen yo pou yo viv chak jou.

Yo pa ka fè diskriminasyon kont ou nan travay ou paske w gen responsabilite pou bay swen sa yo.

Kisa ki diskriminasyon kont moun k ap bay swen?

Diskriminasyon kont moun k ap bay swen fèt lè yo baze yo sou sityasyon yon moun kòm moun k ap bay swen, pou yo pran desizyon ki gen rapò avèk anplwa, sètadi lè yo deside pa anplwaye oswa pa bay yon moun pwomosyon nan travay la oswa tou lè yon pran kèk lòt desizyon, paske, pa egzanp:

- Li gen timoun lakay li;
- Li gen yon madanm oswa yon mari ki malad;
- Li gen gad timoun oswa li se yon paran adoptif;
- Li se yon paran k ap elve pitit li/yo pou kont li;
- Tout sa baze sou konviksyon ke yon moun ki gen timoun oswa k ap pran swen yon fanmi andikape p ap yon anplwaye ke w ka konte sou li;
- Tout sa baze sou konviksyon ke manman yo fèt pou rete lakay yo ak pitit yo.

Kiyès ke dispozisyon sa a pwoteje?

Ou pwoteje si w ap travay pou oswa w ap aplike pou travay pou yon anplwayè ki gen kat (4) oswa plis anplwaye oswa w ap travay pou yon ajans ki bay travay. Ou pwoteje si w ap travay apentan (foultaym) oswa atan pasyèl oswa si w ap fè yon estaj. Ou pwoteje tou kèlkeswa sityasyon w antanke yon imigran. Gen anpil chans ou ka pwoteje si w ap travay antanke travayè endepandan pou yon anplwayè.

Kisa ki entèdi?

- Yon anplwayè pa ka refize anboche w, revoke w, oswa fè diskriminasyon kont ou nan règ anplwaman, kondisyon oswa privilèj yo bay nan travay la akòz responsabilite w genyen pou pran swen yon moun.
- Yon anplwayè pa ka bay sèten avantaj, tankou orè fleksib, bay kèk anplwaye epi refize bay lòt anplwaye ki mande yo menm avantaj sa yo akòz yo gen responsabilite pou pran swen yon moun.
- Yon anplwayè pa ka pibliye yon anons oswa afiche yon travay ki liste kèlkeswa restriksyon sou moun ke yo pral anplwaye ki baze sou wòl aplikan yo genyen nan pran swen fanmi yo.

Kisa ki PA entèdi?

- Anplwayè yo PA OBLIJE pou yo ofri anplwaye yo akomodasyon akòz responsabilite yo genyen pou pran swen yon moun. Pa egzanp, anplwayè yo pa oblije chanje orè travay yon anplwaye oswa pèmèt yo kite travay bonè paske yo gen responsabilite pou pran swen yon moun. Anplwayè yo PA KA, sepandan, refize akòde avantaj sa yo bay anplwaye ki gen responsabilite pou pran swen yon moun si yo konn bay avantaj sa yo bay lòt anplwaye.

Kisa pou m fè si m kwè ke yon anplwayè pat swiv règ ki dekri la yo?

Rele **212-416-0197** epi mande pou Komisyon sou Dwa Imen yo (Commission on Human Rights). Ou ka kite yon ransèyman anonim, oswa ou ka soumèt yon plent sou sa ki rive w la. Si yo detèmine ke anplwayè a te vyole lwa a, ou ka benefisye de salè ke w pat touche oswa lòt domaj epi anplwayè a ka gen pou l peye yon amann.